


DEREK PRINCE
MINISTRIES INTERNATIONAL

Tsamba Yokudzidzisa

Zvauchaitirwa neShoko raMwari (Chikamu 3)



Chikamu 4/6

Zvauchaitirwa neShoko raMwari
Na Derek Prince

Tiri kuenderera mberi nekuongorora kwedu dingindira rinoti, "Zvauchaitirwa neShoko raMwari." Muchinyorwa chechitatu chino tiri kunangana nebasa reShoko mukutiunza kuhupenyu hutsva muna Kristu. Mukudzidzisa kwedu kwokutanga kweiyi nhevedzano yezvikamu zvitanhatu pamusoro wenyaya yacho, takanangidzira ngwariro pakusikwa kweShoko raMwari—kuti ibenyu, rine simba uye rinopinza mukati meupenyu hwedu. Mudzidziso yedu yechipiri, takataura pamusoro pemhedzisiro inoburitswa neShoko muhupenyu hwako. Chii chiri mugumisiro iwoyo? Kutenda. Ndakatsanangura kuti kutenda kunouya sei nokunzwa Shoko raMwari—kazhinji nemigumisiro inoshamisa.

Taona mushoko rechipiri kuti kune zvikamu zvitatu zvinotevedzana mukuita uku kwe"kutenda": Kutanga, unofanira kuva neShoko raMwari. Chechipiri, unofanira kunzwa Shoko. Chechitatu, paunonzwa Shoko raMwari, unofanira kushingaira kurigamuchira. Iyi ndiyo nzira iyo Shoko rinopa nayo kutenda kwauri.

Patinopa chikamu chetatu chechirongwa chedu muTsamba dzeDzidziso idzi, ndinokukumbirai kuti muise pfungwa dzenyu pamusoro pemaitiro aya. Kana ukadaro, mugumisiro muupenyu hwako uchava kutenda.

Ndinotenda kuti kana ukateerera dzidziso iyi yeShoko raMwari uine pfungwa yokugamuchira, kutenda kuchapiwa kwauri nhasi. Uchazvionera pachako chokwadi chandiri kudzidzisa nezvacho.

Chiitiko Chishamiso

Muchikamu chino che"Zvauchaitirwa neShoko raMwari," ndichange ndichitsanangura chishamiso chechipiri chatichaunzwa neShoko raMwari. Chii chiri chiitiko ichocho? Kuzvarwa patsva. Ichi ndicho chiitiko chimwe chemweya chakakosha muhupenyu hwedu kupfuura chimwe chishamiso chatinofanira kuva nacho kana tichizoziva Mwari uye tova izvo Zvavanoda kuti tive.

> "Jesu akapindura, akati kwaari [Nikodhimo], 'Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, Kana munhu asingaberekwi kutsva, haangaoni umambo hwaMwari.'" (NAS)

© 2015 - Derek Prince Ministries, International, Inc.

Humambo hwaMwari hwakavharirwa chero munhu asina kuzvarwa patsva. Kuberekwa patsva ndicho chinhu chinonyanya kukosha chinodiwa pakuona uye kupinda muumambo hwaMwari. Murume aitaurwa naJesu pana Johane 3:3, Nikodhimo, akanga asinganzwisisi kuzvarwa patsva. Akabvunza kuti, "Munhu angaberekwazve sei?" Iwoyo mubvunzo unokosha zvikuru: Munhu anogona sei kuberekwazve?

Mudzidziso iyi, ndinotarisira kutsanangura zvakadzama kuti kuberekwa patsva kunouya sei. Asi chekutanga, ndichakuratidza kuti rinouya sei semugumisiro wekunzwa Shoko raMwari.

Izwi raMwari Benyu

Muna 1 Petro 1:22–23, Petro anonyora mashoko aya kuvatendi vatsva muna Jesu Kristu:

> "Sezvo makanatsa mweya yenyu mukuteerera chokwadi kuti mude hama nomwoyo wose, dananai nomwoyo wose, nokuti makaberekwa kutsva [cherechedza pfungwa imwe chete iyoyo yeshoko rokuti, 'kuberekwa patsva'] isingabvi pambeu inoora asi isingaori, ishoko raMwari benyu uye rinogara nokusingaperi." (NAS)

Tinoona pano kuti mhodzi inobereka kuzvarwa patsva iShoko raMwari benyu. Apo patinogamuchira Shoko iri mumoyo yedu nokutenda, kuburikidza nebasa roMweya Mutsvene, hupenyu hunobuda mariri. Upenyu uhwu rudzi rutsva chose—uhwo hunogara huchibva kuna Mwari. Hatimbofi takasangana nehupenyu uhu nechitendero, nemabasa akanaka kana nekuedza kwedu pachedu. Hupenyu hunobva kuna Mwari chete.

Kubatanidza pfungwa iyi nemashandiro anoita mbeu, pane mutemo une chekuita nembeu nehupenyu unofamba muchisiko chose. Mutemo uyu unogona kutaurwa sezvizvi: chimiro chembeu ndicho chinoratidza mamiriro ehupenyu hunobva mairi. Kana mbeu yacho ichiparara uye ichiora, upenyu hunobva mairi huchapararawo uye hunoora.

Zvisinei, tinoziva kuti mhodzi yeShoko raMwari haiparari. Hahuori. Ndehumwari, husingagumi, hahuparari, uye hahuori. Nokudaro hupenyu hutsva huri matiri hunobuda mumbeu iyi ndihwo hupenyu humwe chete huri mumbeu. Ndehumwari, husingagumi, hahuparari, uye hahuori. Ndihwo hupenyu hunodiwa naMwari kuti uwane. Asi zvinongouya kwauri sokugamuchira kwaunoita—nekutenda—mbeu yeShoko raMwari.

Hunhu Hutsva

Muchikamu chino, ndichawedzera kutaura nezveupenyu huchaberekwa nembeu yeShoko raMwari matiri. Muna 1 Johane 3:8–9, Johane anonyora kuti:

> "Uyo anoita zvivi ndowadhiabhorosi; nokuti dhiabhorosi akanga achitadza kubva pakutanga. [Mutauro wakajeka kwazvo, handizvo here? Ani naani anoita chivi, anogara achiita chivi, ndowadhiabhori. Ipapo Johane anotiudza chikonzero nei Jesu akauyira.] Mwanakomana waMwari akazviratidza nokuda kwaizvozvi, kuti Aparadze mabasa aDhiyabhorosi. [Uye, chokwadi, basa guru rinotaurwa ipapo chivi. Jesu akauya kuzogadzirisa dambudziko rechivi muhupenyu hwedu. Mundima inotevera, Johani anotaura nezvomugumisiro wokuzvarwa patsva.] Hakuna munhu akaberekwa naMwari ane tsika yokuita chivi, nokuti mbeu Yake [mbeu yaMwari] inogara maari; uye haangatadzi, nokuti akaberekwa naMwari. (KJV)

Uyu mutauro wakasimba zvikuru—uye ndinofunga kuti tinofanira kunzwisisa zviri kutaurwa naJohane chaizvo.

Ini pachangu, handitendi kuti Johane ari kuti muKristu akazvarwa patsva haangambotadzi. SemuKristu akazvarwa patsva pachangu, ndine hurombo kutaura kuti nguva nenguva kubva pandakazvarwa patsva, ndakaita chivi. Kwete kakawanda kana nemaune—asi ndakatadza. Asi zvakadaro, ndinoziva kuti ndakazvarwa patsva.

Mundima iyi, ndinotenda kuti Johane ari kutaura nezvehunhu hutsva hunobva kumbeu yaMwari. Unoyeuka here nheyo yatakurukura kwokutanga? Takachengeta mutemo wenyika yose: "Sezvakaita mbeu, ndizvo zvakaita upenyu—zvakasikwa—zvinobva mairi." Apo mbeu iri yeumwari, isingaperi, isingaparari, uye isingaori, ndizvo zvakaita hupenyu kana hunhu hunobva mairi.

Nekuda kwekuzvarwa patsva, mukati memumwe nemumwe wedu mazvarwa hupenyu hutsva-hunhu hutsva. Hupenyu

uhu ndihwo hupenyu hwaMwari pachahwo. Ndehumwari, husingagumi, uye hahuori. Haikona kuita chivi. Waona here kuti sei Johane achitaura kuti harikwanisi kuita chivi? Nokuti mbeu yaMwari inogara mairi. Nokudaro, mbeu isingaori—mbeu tsvene—haigoni kubereka icho chinoparara kana kuti chisiri chitsvene.

Mafambiro ehupenyu hwedu sevatendi achazivikanwa sei? Zvinoenderana nekuwanda kwatinoita hunhu hutsva uhu huchizviratidza uye huchirarama pachahwo kuburikidza nesu. Hapana vimbiso yekuti hatizombofi takatadza. Chisimbiso ndechekuti hunhu hutsva huri matiri hahumbotadzi. Kana tikabvumira hunhu hutsva ihwohwo kuva nenzira yahwo, tinogona kuva nechokwadi chokuti tichararama upenyu hutsvene.

Kutenda Shoko

Patinovhara meseji ino, ndinoda kuwedzera danho iri mberi. Takataura nezvekugamuchira Shoko raMwari. Zvakadaro muna Zvakazarurwa 19:13, tinoona kuti Jesu pachake anonzi Shoko raMwari. Saka tine Shoko riri muzvimiro zviviri. Kutanga tine Shoko rakanyorwa kana rataurwa—Shoko riri kuuya kwamuri zvino kubudikidza neshoko iri. Asi tinewo Shoko benyu, romunhu oga—Ishe Jesu Kristu.

Neimwe nzira, zviviri izvi zvakafanana. Zvichida tinogona kunzwisisa izvi zviri nani kubva mukuenzanisa kwembeu. Fungidzira uchienda kuchitoro uchitenga pasuru yembeu—pamwe mhodzi dzemavise. Mhodzi dziri mukati mepacket idiki, nhema, dzinopenya uye dzakaoma. Vanoratidzika sevasina upenyu uye zvechokwadi havana kunaka. Zvisinei, kunze kwepasuru, zvinokwanisika kuti uchaona mufananidzo wevhavha yakazara, yakaibva yakachekwa nepakati. Uchaona nyama tsvuku iya inoyevedza iri papikicha ipapo uye muromo wako uchatanga kuyerera.

Unogona kuzvitaurira zviri nyore kuti, “Ko muchero iwoyo wakanaka, unoyedza, unoyevedza ungambobuda sei mumhodzi diki, nhema, inopenya, yakaoma mupasuru?” Eya, ndicho chishamiso chembeu. Chishamiso chinotitenderedza kwese kwese kwezvisikwa.

Iwo mufananidzo—muenzaniso—weizvo Mwari anotiitira patinogamuchira kuparidzwa kunobva muShoko raMwari. Shoko rakaunzwa kwatiri, kungave kubudikidza netsamba yekudzidzisa kana neimwe nzira, rakaita semhodzi iya, nhema, inopenya. Hachiratidziki kuva chine runako rukuru kana kuti simba. Asi kana tikarigamuchira mumwoyo yedu, rinounza matiri hupenyu hwakanaka, hutsvene uye husingaperi.

Nenzira yakati, upenyu hunomera matiri patinogamuchira Shoko raMwari rakaparidzwa hwakangosiyana semavise akaibva kubva pambeu duku yarakabva. Sezvakangoita mavise anonaka, akaibva, Shoko raMwari rinonyatsoburitsa matiri hupenyu nehunhu hwalshe Jesu Kristu. Ndicho chinangwa chaMwari chikuru pakutumira Shoko raKe. Anoda kubereka Jesu matiri kubva mumbeu yeShoko.

Patinopedzisa, ndinoda kukuudza chokwadi chinoshamisa: Newewo unogona kuzvarwa patsva. Kana ukangogamuchira mhodzi yeShoko raMwari-vimbiso yeShoko raMwari-inozounza hupenyu hutsva mauri. Johane 1:12 inoti:

> “Asi vose vakamugamuchira [Jesu] akavapa simba rokuti vave vana vaMwari.” (NAS)

Johane anoenderera mberi achiti avo vanomugamuchira vakazvarwa naMwari. Newewo unogona kuzvarwa naMwari—kuzvarwa patsva. Ingovhura moyo wako ugamuchire Jesu. Tenda kuti akafira zvivi zvako uye akamuka zvakare. Reurura zvivi zvako uye umukumbire kuti akuregerere. Mugamuchire nokutenda mumoyo mako. Kana wadaro, uchazvarwa patsva. Chokwadi chinoshamisa: Unogona kuzvarwa patsva miniti ino chaiyo.

© 2015 - Derek Prince Ministries, International, Inc.


“Hatifanirwe kutendera zvinhu zvatinokundikana kunzwisisa kuti zviparadze nzvimbo dzechokwadi uko Mwari akapa kunzwisisa kwakajeka.”
Derek Prince
Derekprince.com/sn/resources